


# Si Ou Wè Yon Bagay, Di Yon Bagay



'FortifyFL' se yon zouti pou rapòte aktivite sispèk ki pèmèt ou voye enfòmasyon imedyatman bay ajans aplikasyon lalwa ki apwopriye a ak ofisyèl lekòl yo.



## Bay Enfòmasyon sou Sekirite yon Fason ki Fasil

Lè elèv antre sou FortifyFL, yo ka bay yon deskripsyon sou menas la, voye foto ak videyo e yo ka bay enfòmasyon sou kontak yo si yo vle.



## Voye Enfòmasyon Rapid bay Otorite yo

FortifyFL otomatikman dirije rapò ou fè a bay ajans aplikasyon lalwa ki apwopriye yo ak ofisyèl lekòl yo.

FortifyFL disponib nan aplikasyon mobil Dadeschools la e ou ka telechaje l tou nan Apple App Store ak Google Play Store. Ou ka jwenn li sou paj prensipal Dadeschools.net la, ansanm ak paj pòtal elèv, paran, ak anplwaye yo. Gen yon lyen pou FortifyFL ki disponib tou sou paj sit enfòmasyon chak lekòl. Ou ka voye konsèy sou Entènèt tou nan [getfortifyfl.com](http://getfortifyfl.com).



Se Lejislati Florid la ki te kreye e finanse FortifyFL an 2018 kòm yon aspè nan Akò Sekirite Lekòl Segondè Marjory Stoneman Douglas.

